

# **PANGARUH *SELF REGULATED LEARNING* KANA HASIL DIAJAR SISWA DINA PELAJARAN ÉKONOMI**

*(Survéi Ka Kelas XI IPS SMA Pasundan 3 Bandung)*

**Wulan Imelda  
175020116  
RINGKESAN**

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho: (i) *self regulated learning* siswa kelas XI IPS SMA Pasundan 3 Bandung dina pangajaran indéks harga jeung inflasi, (ii) hasil diajar siswa kelas XI IPS SMA Pasundan 3 Bandung dina pangajaran indéks harga jeung inflasi, (iii) pangaruh *self regulated learning* kana hasil diajar siswa di kelas XI IPS SMA Pasundan 3 Bandung dina pangajaran indéks harga jeung inflasi. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta survéi, kalawan pamarekan kuantitatif jeung téknik ngumpulkeun data ngagunakeun instrumén angkét jeung tés. Hasil tina ieu panalungtikan netélakeun yén: (i) SRL siswa aya dina katégori hadé kalawan skor rata-rata 3,56, (ii) hasil diajar siswa kaasup hadé kalawan skor rata-rata 84,66, ku kituna bisa dicindekkeun yen mayoritas hasil diajar siswa kelas xi ips sma pasundan 3 geus tuntas dina pelajaran ékonomi, (iii) pangaruh SRL kana hasil diajar siswa nyaéta 0,697 atawa 69,7%. Nilik kana hal-hal anu ditétélakeun saméméhna, panulis ngarékoméndasikeun ka: (i) siswa pikeun ngagunakeun jeung ngamekarkeun SRL nepi ka bisa ngahontal hasil diajar anu optimal, (ii) guru pikeun ngamotivasi siswa dina ngalarapkeun modél pangajaran anu basisna mandiri, (iii) sakola bisa ngarojong guru, ogé ngalakukeun kontrol kana kamekaran siswa dina prosés pangajaran nepi ka udagan pendidikan anu dipiharep kahontal.

**Kecap konci:** Hasil diajar jeung SRL